



# HORNETS BUZZ

The Official Newsletter of Holy Family Catholic School



MAY 19, 2026

VOL. 36

*Growing in Excellence, Service and Integrity Together.*



## Gade Kwasans lan!

Jodi a, elèv yo pral pote lakay yo rapò dyagnostik I-Ready fen ane a. Rapò sa yo bay fanmi yo yon apèsi sou kwasans akademik pitit ou a ak pwogrè li pandan ane lekòl la pa konpare nòt ki soti nan mwa Out, Janvye, ak Me.

Nou ankouraje w revize rapò a ansanm epi selebre kwasans pitit ou a te fè.

**Pa gen lekòl nan Lendi, 25 Me 2026 pou obsève Jou Memwa!**

## Enskripsyon Lekòl Ete



Si pitit ou te resevwa yon Fòm Enskripsyon Lekòl Ete, tanpri soumèt fòm ranpli a ansanm ak frè enskripsyon an anvan Vandredi, 29 Me 2026. Mèsi pou atansyon rapid ak sipò ou.

## Mès Konfimasyon

Nou envite tout fanmi yo pou yo vin ak nou pandan n ap selebre elèv klas uit nou yo k ap resevwa Sakreman Konfimasyon an samdi a 6:30 PM nan legliz la. Sa a se yon etap trè espesyal nan chemen lafwa yo, e nou swete rankontre ansanm kòm yon kominote lekòl nan lapriyè ak selebrasyon.

## Ann Rete Ansanm!

Tanpri pase nan biwo a epi enskri pitit ou pi vit ke posib pou ane lekòl kap vini an. Si pitit ou p ap retounen, tanpri fè nou konnen pou nou ka ouvri plas la pou yon lòt elèv. Mèsi pou kolaborasyon ou ak sipò w kontinye.



Our mission is to provide a quality education rooted in the sacraments and the Gospel values. We aim to profess our Catholic faith through academic excellence, community service, and integrity so that our students become empowered to reach their ultimate potential.

## Selebrasyon Jou Drapo Ayisyen an

Nou te pase yon moman etonan nan selebrasyon Jou Drapo Ayisyen nou an lendi. Klike sou foto a sou dwat la pou wè videyo pèfòmans chak klas!



## Gade Avni



- **Friday, May 22**
  - 8<sup>th</sup> Grade Cap and Gown Pictures/Luncheon
- **Saturday, May 23**
  - Confirmation Mass at 6:30 p.m.
- **Sunday, May 24**
  - Pentecost Sunday
- **Monday, May 25**
  - Memorial Day - No School
- **Monday, June 1**
  - Pre-K/K Stepping Up Ceremony
- **Tuesday, June 2**
  - 8<sup>th</sup> Grade Commencement Ceremony
- **Wednesday, June 3**
  - Last Day of School for Students
- **Friday, June 5**
  - 4<sup>th</sup> Quarter Report Cards Emailed

## Rete Konekte

Pou enfòmasyon ki pi ajou, tanpri tcheke sit entènèt lekòl nou an epi swiv nou sou Instagram pou wè aprantisaj rive nan klas nou yo. Si ou gen nenpòt kesyon oswa enkyetid, pa ezite kontakte biwo lekòl la.



**Office:**  
**(305) 947 - 6535**

**Website:**  
**<https://www.holyfamilynorthmiami.org/>**

